

Financial Assistance Documents

Chippewa Valley Hospital

Submit to: Patient Financial Services

1220 Third Ave. West

Durand, WI 54763

Phone: 715-672-4211

www.chippewavalleyhospital.com

Jwenn Èd Pou Peye Fakti Ou

Enfòmasyon sa a se pou nenpòt moun ki resevwa sèvis nan yon etablisman Adventist Health System oswa yon pwofesyonèl swen sante ki afilye ak li. Ou kapab gade yon lis etablisman Adventist Health System yo nan www.adventisthealthsystem.com. Paske nou se yon lopital konfesyonèl, nou bay tout pasyan swen medikal, menm sa yo ki gen difikilte pou peye pou sèvis yo paske yo pa gen mwayen. Ou kapab mande èd pou peye fakti ou nenpòt lè pandan ou entènè lopital la oswa pandan pwosesis faktirasyon an.

Pou Kalifye Pou Èd

Si ou resevwa sèvis ijan oswa sèvis nesèsè pou rezon medikal epi ou pa gen asirans medikal nan yon asirans komèsyal oswa pwogram gouvènmantral, gen posiblite pou kalifye pou asistans finansyè. Kantite asistans la ap depann selon revni ou fè chak ane ak kantite moun nan fanmi ou. Si revni chak ane ou egal a 200% Gid Pòvrete Federal la oswa pi piti, ou kapab pa oblije peye fakti ou a.

Gid Pòvrete Federal Ane 2018	
Kantite moun nan kay la	200% Pòvrete
1	\$24,280
2	\$32,920
Pou chak moun an plis, ajoute \$8,640	

Si revni ou pa nan nivo gid la pou peye tout fakti a nèt, ou kapab toujou kalifye pou resevwa èd pou peye tout fakti ou a. Ou kapab kalifye selon lòt faktè nan aplikasyon ou a tou.

Pou Aplike Pou Èd

Ou kapab aplike pou èd pou èd ak fakti ou swa an pèsòn, pa lapòs oswa pa telefòn. Pou resevwa yon aplikasyon, rele depatman Sèvis Kliyantèl nou, vizite sit entènèt nou oswa ale nan sèvis anrejistremant pasyan nan lopital nou an. W ap jwenn nimewo telefòn, sit entènèt ak adrès nou nan seksyon asistans finansyè sou sit entènèt nou an ak sou premye paj dokiman sa a lè li enprime. Enfòmasyon sa a disponib nan lòt lang sou sit entènèt nou oswa nan sèvis anrejistremant pasyan an tou.

Swen Ijan ak Swen ki Nesèsè Pou Rezon Medikal

Si ou kalifye pou èd pou peye fakti ou, yo p ap mande ou pou peye plis pou swen ijan oswa swen ki nesèsè pou rezon medikal pase sa yo mande moun ki gen asirans yo peye. Nou konpare kantite pasyan ki gen asirans ak sa konpayi asirans yo peye pou deside konbyen ou dwe. Ou kapab gade prensip charite nou sou sit entènèt nou.

Dokiman Sipò

Si ou vle patisipe nan pwogram asistans finansyè nou an, w ap responsab pou bay enfòmasyon ak dokiman nou bezwen yo a tan. W ap bezwen pataje tout efòmasyon sou avantaj sante, revni, byen, ak nenpòt lòt bagay ki kapab ede nou deside si ou kalifye pou asistans. Dokiman nou kapab bezwen se relve labank, fòm deklarasyon taks ak sous chèk travay.

Aktivite Koleksyon

Nou kapab voye fakti ou pa peye 100 jou apre dat premye fakti a bay yon ajans koleksyon. Nou kapab voye fakti ou pa peye 120 jou apre dat premye fakti a sou kredi ou menm oswa garan ou. Ou menm ak garan ou kapab ranpli yon aplikasyon pou aplike pou èd ak fakti ou nenpòt lè pandan pwosesis koleksyon an.

Objektif

Adventist Health System (AHS) devwe pou bay bonjan kalite swen sante pandan l ap sèvi diferan bezwen moun yo ki rete nan zòn sèvis nou. AHS ap travay ak lide swen ijan ak lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal yo pa te planifye dwe aksesib pou tout moun, san gade sou laj yo, si yo se fanm oswa gason, kote yo ye nan peyi a, kilti yo, si yo kapab mache ou pa, oswa kapasite yo pou peye. AHS devwe pou bay swen sèvis sante epi li rekonèt nan kèk ka yon moun gendwa pa gen mwayen pou peye pou sèvis li resevwa yo. Prensip sa a fèt pou konfòm ak Seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn nan ansanm ak règleman ki te pibliye ladan yo epi nou dwe entèprete li ak mete li an aplikasyon konfòmman ak règleman sa yo. Administrasyon chak pwofesyonèl swen sante lopital AHS te adopte prensip sa a konfòmman ak règleman yo ki sou Seksyon 501(r).

AHS ofri swen ijan ak lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal yo pa te planifye bay chak pasyan san yo pa gade si moun nan kapab peye, kapab kalifye pou asistans finansyè, oswa si li genyen asirans. Si moun an pa ta gen asirans, ap gen yon distribisyon ki fèt chak ane pou kapab genyen lajan ki disponib pou asistans finansyè. Nenpòt kote li posib, konseye finansye a ap kòmanse travay pou wè si moun nan kalifye pou asistans finansyè avan yo pran li nan lopital la oswa pandan li nan lopital la. Prensip sa a idantifye sikonstans lè yon òganizasyon lopital AHS oswa yon enstitisyon nou gen anpil enterè (yon patenarya ki bay swen ijan ak lòt swen medikal moun pa planifye ki nesèsè kote òganizasyon lopital AHS la gen enterè kòm pwopriyetè) dwe bay swen gratis selon bezwen finansyè moun nan.

Prensip asistans finansyè an se yon gid sou asistans finansyè pou pasyan kalifye ki peye yo menm ak pasyan kalifye ki gen yon lajan pou peye apre asirans k ap resevwa sèvis swen ijan oswa lòt swen medikal nesèsè yo pa te planifye selon bezwen finansyè. Epiou prensip asistans finansyè a bay gid pou kantite nou kapab mande tout pasyan ki resevwa sèvis ki nesèsè pou rezon medikal epi k ap peye yo menm. Nou p ap bay rabè ak asistans finansyè selon bezwen finansyè pou pwosedi ki pa nesèsè, sòf si pwofesyonèl swen sante lopital AHS la ta deside fè sa epi l ap deside ka pa ka.

Nou defini sèvis ki pa te planifye tankou yon kondisyon medikal kote si moun nan pa jwenn swen touswit:

- Mete sante moun sa a nan gwo danje
- Fè gwo dega nan fason kò a fonksyone oswa fè yon ògàn nan kò a pa ka fonksyone.

Men kèk kalite pasyan nou prezime genyen pwoteksyon sou definisyon sa a:

- Pasyan Nan Depatman Ijans Ki Pa Entèn

Prensip

- Pasyan Nan Depatman Ijans Ki Entène
- Swivi kote pasyan Entène/Pa Entène ki gen pou wè ak yon vizit Ijans.

Tanpri gade dokiman nou te Ajoute nan Prensip sa a pou yon lis tout pwofesyonèl swen sante, apa pwofesyonèl swen sante lopital AHS, ki ofri swen ijan ak lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal nan pwofesyonèl swen sante lopital AHS, epi ki montre kiyès nan pwofesyonèl swen sante sa yo ki garanti nan Prensip Asistans Finansyè sa a ak sa ki pa garanti. W ap jwenn lis pwofesyonèl swen sante ki nan dokiman nou te Ajoute nan Prensip sa a sou entènèt nan sitwèb pwofesyonèl swen sante lopital AHS la. W ap jwenn yon kopi sou papyè gratis nan Depatman Sèvis Finansye Pasyan pwofesyonèl swen sante lopital AHS la.

Nou mete lis pwofesyonèl swen sante an ajou pou swa ajoute nouvo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki manke, korije enfòmasyon ki gen fot, oswa efase enfòmasyon ki pa bon ankò. W ap wè dat dènye fwa nou te mete enfòmasyon yo ajou sou lis pwofesyonèl swen sante a.

Yon pwofesyonèl swen sante lopital AHS kapab gen yon lis doktè, gwoup pratik, oswa nenpòt lòt enstitisyon i bay swen ijan oswa swen ki nesèsè pou rezon medikal nan pwofesyonèl swen sante lopital AHS ak non yo itilize swa nan kontra ak lopital la oswa pou mande pasyan yo peye pou swen yo bay la.

- A. Nou kapab konsidere asistans finansyè pou swen ijan oswa swen ki nesèsè ou rezon medikal yo pa te planifye si yon pasyan nan nenpòt nan kondisyon sa yo:
1. Pasyan an pa gen asirans sante.
 2. Pasyan an deja kalifye pou asistans (pa egzanzp, Medicaid), men sèvis li ap resevwa a pa garanti.
 3. Pasyan an te itilize tout avantaj Medicare oswa Medicaid li yo epi li pa gen lòt mwayen pou peye.
 4. Pasyan an pa gen asirans sante men li kalifye pou resevwa asistans selon bezwen finansye li pou peye yon rès lajan apre asirans la fin peye.
 5. Pasyan an satisfè kondisyon charite lokal ak/oswa eta.
 6. Pasyan yo kapab mande asistans finansyè konfòmeman ak gid yo ki tabli nan Prensip sa a.

- B. Prensip Pou Asistans Finansyè, Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè, ak Rezime Prensip Pou Asistans Finansyè Nan Yon Langaj Senp transparan epi yo disponib pou moun ki resevwa sèvis nan nenpòt pwen totalite swen an nan lang ki apwopriye pou zòn sèvis AHS la konfòmeman ak Lwa Sèvis Asistans Nan Lang la epi nan lang prensipal nenpòt popilasyon ki gen limit nan kapasite yo pou pale angle ki gen swa 1,000 moun oswa 5% manm komite pwofesyonèl swen sante lopital AHS la sèvi, sa ki pi pitit a (n ap rele popilasyon ki gen limit nan kapasite yo pou pale angle ki satisfè kritè ki wo a popilasyon ki defini kòm popilasyon ki defini LEP pi devan nan prensip sa a).
1. Sit Entènèt: Pwofesyonèl swen sante lopital AHS yo ap pibliye nan yon bon plas epi yon fason ki vizib vèsyon ki pi konplè ak pi resan dokiman sa yo sou sitwèb pa yo:
 - a. Prensip Pou Asistans Finansyè (Financial Assistance Policy, FAP)
 - b. Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè (Financial Assistance Application Form, FAA)
 - c. Rezime Prensip Asistans Finansyè (Plain Language Summary, PLS) Nan Yon Langaj Senp
 - d. Enfòmasyon pou kontakte Konseye Finansye pwofesyonèl swen sante AHS yo.
 2. Sitwèb la ap di gen yon kopi FAP, FAA, Fòm FAA, PLS disponib ak jan pou jwenn kopi sa yo nan lang prensipal popilasyon ki defini kòm LEP a.
 3. Ap genyen pano ki byen vizib kote ki piblik nan pwofesyonèl swen sante lopital AHS yo tankou kote yo pran ak anrejistre malad yo, tankou Depatman Ijans la. Tout pano ki di asistans finansyè kapab disponib yo ap note bagay sa yo ladan:
 - e. Adrès sit entènèt lopital la kote yo kapab jwenn FAP, PLS, ak Fòm FAA a
 - f. Nimewo telefòn ak kote (nimewo chanm) moun kapab rele oswa vizite pou jwenn kopi FAP, Fòm FAA oswa PLS oswa jwenn plis enfòmasyon sou FAP, PLS, oswa pwosesis pou aplikasyon an.
 4. Enfòmasyon pou kontakte sou jan ak kote moun ki fè pati popilasyon ki defini kòm LEP a kapab jwenn kopi FAP, Fòm FAA, ak PLS. Chak lopital kapab fè kopi FAP, Fòm FAA ak PLS la sou papye lè yon moun mande gratis, nan espas piblik

anndan lopital la (tankou nan Depatman Ijans ak tout espas yo pran ak anrejistre moun yo) ak pa lapòs. Kopi sou papyè yo ap disponib an angle ak lang prensipal nenpòt popilasyon ki defini kòm LEP. N ap ofri pasyan yo yon kopi PLS la lè nan pwosesis pou pran li nan lopital la ak pou voye li lakay li.

5. Vizit Konseye Finansye: Konseye finansye yo ap eseye bay konsèy finansye pèsonèl bay tout moun ki k ap resevwa sèvis nan lopital la epi k ap peye yo menm. N ap itilize entèprèt, jan li endike a, pou kapab gen bonjan kominikasyon ak moun kapasite yo an angle limite. N ap mete kritè pou kalifye pou asistans finansyè ak enfòmasyon sou rabè disponib.
6. Nou dwe distribiye PLS bay manm kominote lopital AHS la ofri sèvis yon fason ki byen kalkile pou jwenn manm nan kominote sa yo ki gen plis bezwen pou asistans finansyè. Yon egzanp t ap distribisyon kopi PLS la bay òganizasyon nan kominote a ki abòde bezwen sante popilasyon defavorize yo.

C. AHS ansanm ak moun k ap resevwa sèvis yo chak gen responsabilite pou pwosesis jeneral ki gen rapò ak asistans finansyè yo bay la.

1. Responsabilite AHS:

- a. AHS gen yon prensip asistans finansyè pou evalye ak deside si yon moun kalifye pou asistans finansyè.
- b. AHS gen yon mwayen pou fè anpil piblisite ak kominike sou asistans finansyè ki disponib pou tout moun nan yon fason pou ankouraje moun nan patisipe konplètman.
- c. Manm ekip AHS k ap travay nan departman Sèvis Finansyè Pasyan ak Anrejistremant yo konprann prensip asistans finansyè AHS la epi yo kapab voye moun k ap poze kesyon sou prensip la bay reprezantan lopital ki apwopriye a.
- d. AHS egzije pou tout kontra ak ajan deyò ki kolekte lajan pou AHS pou mete dispozisyon kontra ekri obligatwa ki di ajan sa yo ap swiv prensip asistans finansyè AHS yo.
- e. Depatman Sik Revni AHS la ap siveye òganizasyon an nan asistans finansyè yo bay ak prensip/pwosesis ki dirije asistans finansyè ak pwosesis fakti ak koleksyon.
- f. Apre AHS resevwa demann moun nan pou asistans finansyè, l ap kontakte moun nan pou bay li desizyon sou kalifikasyon li nan yon tan ki rezonab.

- g. AHS bay chwa fè antant pou peye.
- h. AHS ap respekte ak onore dwa moun yo pou konteste desizyon ak mande yon rekonsiderasyon.
- i. AHS ap kenbe (epi mande ajan ki gen kontra pou kolekte lajan pou li yo kenbe) dokiman ki soutni òf, aplikasyon pou, ak lè yo bay asistans finansyè pou yon peryòd omwen sèt lane.
- j. AHS ap revize ak entegre gid federal sou pòvrete regilyèman pou dènye piblikasyon Depatman Sante ak Sèvis Moun Etazini (United States Department of Health and Human Services).

2. Responsabilite Chak Pasyan

- a. Pou konsidere retire 100% sou frè yon moun sou prensip asistans finansyè a, moun an dwe kopere ak AHS pou bay enfòmasyon ak dokiman ki nesèsè pou aplike pou lòt resous finansyè ki kapab disponib pou moun an peye pou swen sante, tankou Medicare, Medicaid, responsablite lòt kote, elatriye.
- b. Pou konsidere retire 100% sou frè yon moun sou prensip asistans finansyè a, moun an dwe bay AHS enfòmasyon finansyè ak lòt enfòmasyon ki nesèsè pou decide si li kalifye (sa gen ladan ranpli fòm aplikasyon ki nesèsè epi kopere konplètman lè pou rasanble enfòmasyon ak fè pwosesis evalyasyon an).
- c. Nou p ap mande yon pasyan k ap peye li menm epi ki pa kalifye pou yo retire 100% sou frè selon bezwen li pou asistans finansyè pou peye plis pase kantite nou konn jeneralman mande moun ki gen asirans pou garanti swen sa yo epi l ap kopere ak lopital la pou kreye yon plan pou peye.
- d. Yon pasyan ki peye li menm epi ki pa kalifye pou yo retire 100% sou frè li selon bezwen finansyè dwe fè efò pou respekte plan ou peye frè yo dwe lopital la. Moun nan ap responsab pou fè AHS konnen touswit si gen nenpòt chanjman nan sitiyasyon finansyè li pou yo kapab evalye enpak chanjman sa a ak prensip asistans finansyè ki kontwole règ asistans finansyè, frè lopital yo ak règ plan pou peye yo.

- D. Desizyon sou kalifikasyon pou asistans finansyè ak pwosesis pou aplike pou asistans finansyè ap fè yon fason jis, konsistans, epi a tan.
1. *Idantifikasyon Moun Ki Kapab Kalifye.* N ap onore demann pou asistans finansyè ki fèt jiska 240 jou apre dat premye relve faktirasyon apre moun an ale lakay li epi li resevwa li swa pa lapòs oswa pa mwayen elektwonik.
 - a. Pwosesis enskripsyon ak pre-enskripsyon ankouraje idantifikasyon moun ki bezwen asistans finansyè.
 - b. Konseye finansye yo ap fèt tou sa yo kapab pou kontakte tout pasyan entènè ki peye yo menm pandan yo entènè lopital la ak lè y ap prepare pou ale lakay yo.
 - c. Y ap ofri chak moun PLS lopital AHS la ansanm ak Fòm FAA a lè yo pran li nan lopital la oswa lè y ap prepare pou voye li lakay li.
 - d. Yon avi ekri byen vizib ap nan tout relve faktirasyon ki notifie ak enfòmè moun yo voye l bay li a sou asistans finansyè ki disponib sou lopital AHS la epi la p genyen bagay sa yo: 1) nimewo telefòn biwo oswa depatman lopital AHS la ki kapab bay enfòmasyon sou FAP ak pwosesis aplikasyon pou asistans finansyè; epi 2) adrès entènèt kote yo kapab jwenn kopi FAP, Fòm FAA ak PLS.
 - e. N ap fè efò rezonab pou pale ak moun yo sou FAP lopital la ak jan yo kapab jwenn asistans ak Fòm FAA ak pwosesis la.
 - f. Moun yo ap resevwa omwen yon avi ekri (avi sou aksyon nou kapab pran), ansanm ak yon kopi PLS ki notifie ak enfòmè moun an asistans finansyè pou moun ki kalifye epi di aksyon lopital la kapab pran pou bay move enfòmasyon sou moun nan bay ajans rapò kredi konsomatè/biwo kredi oswa patisipe nan lòt aksyon koleksyon ekstrawòdinè si moun nan pa remèt yon Fòm FAA oswa peye lajan li dwe a avan yon delè yo bay li. Delè pou peye a pa sipoze avan 120 apre yo voye premye relve faktirasyon bay moun nan apre li ale lakay li. Moun nan dwe resevwa avi a omwen 30 jou avan delè yo mete sou avi a.
 2. *Demann Pou Asistans Finansyè.* Nou kapab resevwa demann pou asistans finansyè ki soti plizyè kote (tankou pasyan an, yon fanmi, yon òganizasyon kominotè, yon legliz, yon ajans koleksyon, moun k ap bay swen, Administrasyon, elatriye).

- a. N ap voye demann yon moun ki pa pasyan an bay yon konseye finansye.
- b. Konseye finansye a ap travay ak moun sa a pou bay resous ki disponib pou ede moun nan ak pwosesis aplikasyon an.
- c. Lè li mande, y ap bay moun ki mande yon deskripsyon ekri frè estime yo yon lè ak frè ki estime yo.

3. *Kritè Pou Kalifye*

- a. Pou kalifye pou yo retire 100% nan frè yo (pa egzanp, elimine tout frè pou pasyan k ap peye yo menm ak elimine tout pati nan frè yon pasyan responsab pou peye apre asirans) revni kay moun nan dwe 200% anba Gid Pòvrete Federal la oswa pi ba. Pasyan ki peye yo menm epi revni kay yo depase 200% Gid Pòvrete Federal la p ap bezwen peye plis pase kantite nou konn jeneralman mande moun ki gen asirans pou garanti swen sa a.
- b. Kantite yo mande nenpòt moun ki kalifye pou FAP pou ijans oswa tout lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal ap baze sou kantite yo konn jeneralman mande (AGB) moun ki gen asirans pou garanti swen sa yo nan chak lopital AHS an patikilye. Chak lopital AHS ap deside pwòp AGB li. Pou fè sa l ap deside yon pousantaj AGP epi miltipliye pousantaj sa a ak frè avan taks pou sèvis yo bay moun nan. Tout lopital AHS ap itilize metòd gade dèyè a jan li dekri nan §1.501(r)-5(b)(3) pou deside AGB. Moun yo kapab kontakte yon manm ekip Sèvis Finansyè Pasyan lopital AHS ki apwopriye a nan nimewo telefòn ki sou dokiman ki fini ak Prensip sa a pou jwenn yon fèy enfòmasyon ekri gratis ki di pousantaj AGB lopital ki apwopriye a ak yon eksplikasyon sou kijan yo te detèmine AGP a.
- c. Pri yo mande yon moun ki kalifye pou asistans finansyè sou FAP lopital AHS lou nenpòt sèvis medikal ap pi piti pase pri pou sèvis sa a avan dediksyon.
- d. Si limit asistans finansyè ki 200% an bezwen agrandi ou kondisyon yon mache an patikilye (tankou konkirans ak relasyon piblik), reprezantan enstitisyon an gen pou prezante yon egzanpsyon bay Komite Adventist Health System Senior Hospital Finance Group (SHFG) nan pou otorizasyon.

- e. An plis yon evalyasyon nivo revni ki detaye pi wo a, nou kapab fè yon tès volonte sou byen pou detèmine si moun nan kalifye pou asistans finansyè. Yon tès sou byen obligatwa sèlman pou pasyan Medicare yo. Yon tès sou byen pa obligatwa pou pasyan ki pa gen Medicare yo. Pou rezon prensip sa a, kantite responsablite pasyan an se 100% pati pasyan an epi li pa sipoze depase PLIS pase: 1) Sèt pousan (7%) Byen ki Disponib oswa 2) Peman ki Nesesè selon Prensip Asistans Finansyè a. "Byen ki Disponib" se lajan kach, bagay ki gen valè lajan kach ak investisman ki pa pou retrèt.
- f. Lè n ap defini revni yon moun nou konsidere bagay sa yo:
- i. Kantite moun nan kay la ak revni gen ladan fanmi moun nan ak lòt depandan ki rete nan kay la konsa:
 1. Yon adilt epi, si li marye, madanm/mari li.
 2. Nenpòt timoun minè natirèl oswa adopte adilt la oswa madanm/mari li.
 3. Nenpòt minè adilt oswa madanm/mari a te resevwa responsablite legal nan men yon jij.
 4. Nenpòt elèv ki gen plis pase 18 an ki depann sou fanmi an pou plis pase 50% sipò (n ap bezwen deklarasyon enpo pi resan adilt ki responsab li a).
 5. Nenpòt lòt moun ki depann sou revni fanmi an pou plis pase 50% sipò (n ap bezwen deklarasyon enpo pi resan adilt ki responsab li a).
 - g. N ap itilize yon deklarasyon finansyè pèsònèl pou verifye revni moun nan oswa n ap itilize kopi Fòm W-2 ki pi resan, Fòm 1040 ki pi resan, relve kont labank oswa nenpòt lòt kalite dokiman sipò ki montre revni li di l ap fè a.
 - h. N ap kenbe dokiman sipò ki verifye revni ak Byen ki Disponib nan dosye pasyan an pou si nou a bezwen pi devan.
 - i. Nou kapab fè yon rapò sou kredi pou idantifye lòt depans, obligasyon ak revni an plis pou ede konprann sikonstans finansye moun nan pi byen. Nou kapab itilize yon zouti pwèn kredi endepandan pou montre si moun nan kalifye pou asistans finansyè vre.
 - j. N ap konsidere fòm aplikasyon pou asistans finansyè yo pou jiska 240 jou apre premye fakti yo bay pasyan an apre

li soti lopital la oswa lè nou detèmine yon chanjman nan sitiyaasyon finansyè pasyan an. Ou p ap bezwen yon aplikasyon pou asistans finansyè si ou resevwa sèvis plizyè fwa pandan jiska twa (3) mwa apre dènye dat yo te apwouve aplikasyon ou a.

- k. Kalifikasyon prezime: Nou kapab konsidere moun ki pa gen asirans epi ki nan yon oswa plis nan sitiyaasyon sa yo kalifye pou plis asistans finansyè ki genyen si yo pa gen yon Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè ki ranpli:
- Moun nan pa gen kay;
 - Moun nan mouri epi li pa gen okenn byen yo konnen yo kapab peye dèt lopital li yo;
 - Moun nan nan prizon pou yon krim;
 - Moun nan kalifye pou Medicaid nan moman an, men li pa te resevwa sèvis nan dat li te genyen li;
 - Moun nan kalifye nan Eta a pou resevwa asistans sou Violent Crimes Victims Compensation Act (Lwa Konpansasyon Pou Viktim Krim Vyolan) ou Sexual Assault Victims Compensation Act (Lwa Konpansasyon Pou Viktim Agresyon Seksyèl);
 - Moun nan gen yon pwen risk peman "D" ou "E" selon aplikasyon Scorer® a. Aplikasyon Scorer a se yon zouti ki kreye pou klase moun nan gwoup diferan mwayen ekonomik. Pwen yo gen algoritm ki mete done ki soti nan biwo kredi, badzone demografik, ak done espesifik lopital pou detèmine ak klase moun nan kategori mwayen ekonomi pa yo. Nan plas aplikasyon Scorer a, nou kapab itilize pwen kredi biwo tou pou detèmine kalifikasyon prezime moun nan selon jijman lopital la.
 - Nou te deside moun nan kalifye pou asistans finansyè nenpòt lè nan twa mwa yon peryòd twa mwa ki te pase yo kòmanse apre dat yo te apwouve dènye aplikasyon pou asistans finansyè a.

Pou nenpòt moun nou prezime kalifye pou asistans finansyè selon prensip sa a, n ap itilize menm aksyon ki dekri nan Seksyon D yo ak toupatou nan prensip sa a kòm si moun nan te soumèt yon Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè ranpli.

4. Metòd Pou Aplike Pou Asistans Finansyè

- a. Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè AHS. Pou aplike pou asistans finansyè, moun nan dwe ranpli Fòm Aplikasyon Asistans

Finansyè AHS la. Moun nan bay tout done sipò ki nesèsè pou verifye si li kalifye, ansanm ak dokiman sipò pou verifye revni li ladan. Gade Enstriksyon Pou Itilize Asistans Finansyè CWF 50.1 pou kalite dokiman n ap aksepte.

b. Si yon moun vle yon kopi Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè AHS la, l ap jwenn li sou sitwèb lopital AHS la, li kapab mande yon kopi gratis pa lapòs, li kapab kontakte depatman Sèvis Finansyè Pasyan lopital AHS yo, oswa li kapab mande yon kopi an pèsòn nan nenpòt nan sèvis pou pran/enskri pasyan nan lopital AHS yo.

c. N ap soumèt Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè AHS ki fin ranpli a bay Sèvis Finansyè Pasyan pou travay sou li. Moun nan ap bezwen bay prèv revni ak byen ki disponib. An plis, moun ki gen avantaj Medicare yo ap bezwen fè yon tès sou yen selon lwa federal. N ap fè yon evalyasyon pou detèmine si moun nan kalifye selon total resous moun nan (tankou nivo revni fanmi an, byen, (jan li nesèsè pou pasyan Medicare) ak lòt enfòmasyon ki enpòtan).

5. *Aksyon Nou Kapab Pran Si Pasyan An Pa Peye:* Lè 120 pase kòmanse dat yo te voye premye fakti bay moun nan apre li fin kite lopital la, yon lopital AHS kapab kontakte yon ajans rapò kredi oswa biwo kredi pou rapòte dèt moun nan te genyen pou swen li pa peye, oswa vann dèt la nan sa yo konsidere yon aksyon koleksyon ekstrawòdinè (ECA) (Tanpri gade Seksyon F.6 nan prensip sa a), oswa patisipe nan nenpòt lòt ECA an patikilye sèlman apre moun nan te resevwa notifikasyon omwen 30 avan nou te lanse ECA a: 1) y ap bay moun nan yon avi ekri, ansanm ak yon PLS, ki endike asistans finansyè disponib pou moun ki kalifye epi ki di ECA an patikilye nou kapab lanse apre delè a pase (delè a pa kapab pi bonè pase 30 jou apre yo bay avi ekri a), epi 2) yon efò rezonab fè pa bouch ou fè moun nan konnen FAP lopital AHS la ak jan pou nan kapab jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon pou asistans finansyè a.

a. *Moun Nan Pa Soumèt Okenn Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè:*

Si moun nan pa soumèt okenn Fòm Aplikasyon Pou Asistans nan peryòd 120 jou apre dat li resevwa premye fakti apre li fin kite lopital la epi delè yo bay nan avi ekri a te pase, lopital AHS la kapab lanse on ECA.

b. *Moun Nan Soumèt Yon Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè Ki Pa Konplè:*

Si yon moun soumèt yon Aplikasyon Pou Asistans Finansyè ki pa konplè pandan peryòd 240 jou apre dat li resevwa premye fakti apre li fin kite lopital la (peryòd aplikasyon an), lopital AHS la dwe fè bagay sa yo:

- i. Kanpe nenpòt ECA;
- ii. Bay moun nan yon avi ekri ki dekri enfòmasyon ak/oswa dokiman an plis ki nesèsè selon Prensip Asistans Finansyè a oswa Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè moun nan dwe soumèt nan yon tan rezonab epi ki gen enfòmasyon kontak tankou nimewo telefòn ak adrès biwo lopital AHS la oswa depatman ki kapab bay enfòmasyon sou FAP a, ansanm ak enfòmasyon pou kontakte yon biwo lopital oswa depatman ki kapab bay asistans ak pwosesis aplikasyon pou asistans finansyè a, sinon, yon òganizasyon charite oswa ajans gouvènmantral ki kapab bay asistans ak pwosesis aplikasyon pou asistans si lopital AHS la pa kapab fè sa;
- iii. iii. Si moun nan pa ranpli Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè a avan delè rezonab nou diskite pi wo a, lopital la kapab lanse oswa kontinye ECA a. Yo kapab pran nan avantaj ki asosye ak asirans (machin, responsabilite, lavi ak sante) ki kapab reprezantan avantaj yo mete moun nan pou chòk moun nan te resevwa swen nan men lopital la nan pwosesis koleksyon an. Nou p ap depoze okenn jijman pèsònèl oswa pran okenn privilèj pou moun ki kalifye pou FAP.

c. *Moun Nan Soumèt Yon Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè Konplè:*

Si yon moun soumèt yon Aplikasyon Pou Asistans Finansyè konplè pandan peryòd aplikasyon an (240 jou apre dat li resevwa premye fakti apre li fin kite lopital la) lopital AHS la dwe fè bagay sa yo:

- i. Kanpe nenpòt ECA.
- ii. Kanpe nenpòt aktivite koleksyon pandan konsiderasyon yon Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè AHS ranpli. N ap mete yon not nan kont pasyan an pou sispann aksyon koleksyon jiskaske pwosesis asistans finansyè a fini. Si yo te plase kont la nan yon ajans koleksyon, n ap kontakte ajans la pou mande li sispann efò koleksyon jiskaske nou pran yon desizyon. N ap dokimante notifikasyon sa a nan nòt pou kont yo.

- iii. Pran yon desizyon sou kalifikasyon moun nan pou asistans finansyè epi dokimante li.
- iv. Ekri moun nan a tan, jeneralman nan lespas 60 jou, apre nou resevwa yon Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansyè pou fè li konnen desizyon nou ak rezon nou pran desizyon an.
- v. Voye yon fakti detaye bay moun nan (pa nesèsè pou yon fakti balans la \$0) ki montre kantite li dwe kòm yon moun ki kalifye pou FAP epi dekri kijan moun nan kapab jwenn enfòmasyon sou AGB pou swen ak jan lopital la te decide kantite moun nan dwe.
- vi. Remèt moun nan pou nenpòt peman li te fè an plis.
- vii. Pran tout mezi ki rezonab pou chanje nenpòt ECA yo te pran kont moun nan.
- viii. Bay nenpòt moun nou decide pa kalifye pou FAP yon notifikasyon refi ekri epi mete yon rezon pou refi a ak yon pwosesis ak enfòmasyon kontak pou depoze yon kontestasyon. Si yon moun pa dakò ak desizyon pou refize bay li asistans finansyè, moun sa a kapab ekri pou mande yon kontestasyon nan lespas 45 jou apre refi a. Kontestasyon an dwe genyen enfòmasyon enpòtan ki kapab ede nan evalyasyon pou kontestasyon. Komite Asistans Finansyè a ap revize demann pou kontestasyon refi yo chak mwa. N ap bay moun nan desizyon Komite Asistans Finansyè a pran nan lespas 60 jou apre evalyasyon komite a epi l ap montre desizyon final Komite a.
- ix. Kou lopital AHS la resevwa yon Fòm FAA ranpli, li kapab rapòte desizyon li pou kalifikasyon yon moun sou FAP si moun nan te soumèt yon aplikasyon pou asistans Medicaid jiskaske yo decide kalifikasyon pou Medicaid sa a.

E. Responsablite Pasyan Sèvis Finansyè

1. Komite Asistans Finansyè: Komite Asistans Finansyè lopital la ap revize rezime aplikasyon asistans finansyè ak rekòmandasyon Sèvis Finansyè Pasyan an chak mwa. Komite Asistans Finansyè a ap revize tout rekòmandasyon asistans finansyè, ak yon revizyon konsantre sou demann ki ijan oswa pa woutin ki bezwen revizyon ka pa ka.
2. Komite Asistans Finansyè a dwe apwouve asistans finansyè ki plis pase \$10,000.
3. Apre Komite Asistans Finansyè a fin revize ak apwouve yon asistans finansyè, Sèvis Finansyè Pasyan ap mete asistans finansyè sa a nan kont moun nan.

4. Sèvis Finansye Pasyan gen yon responsablite pou deside si lopital la te fèt tout efò rezonab pou deside si yon ou kalifye pou FAP ak si moun nan kapab fè nenpòt bagay pou patisipe nan nenpòt ECA.
5. Ajans fakti ki gen kontra ak AHS pou sèvis koleksyon ap swiv prensip asistans finansye sa a konsènan zafè fakti ak koleksyon.
6. Lè lopital la vann dèt yon moun bay yon lòt ajans (sòf pou vant ki pa ECA ki dekri pi ba a) nou konsidere sa yon ECA epi li pa dwe fèt avan tout etap ki dekri nan seksyon D. pi wo a te fèt. CFO Rejyonal AHS ki apwopriye a dwe apwouve nenpòt antant pwopoze pou vann yon dèt epi soumèt li bay Pwosesis Revizyon Kontra AHS la avan yo fè li.

Genyen kèk vant dèt nou pa konsidere ECA. Vant dèt ECA yo egzije pou lopital AHS yo antre nan yon kontra legal ak moun ki achte dèt la ki di bagay sa yo:

- a. Moun ki achte a pa kapab patisipe nan okenn ECA;
- b. Moun ki achte a pa gen dwa fè peye okenn enterè sou dèt ki depase yon to IRS etabli;
- c. Lopital la kapab retounen oswa raple dèt la lè yo deside moun nan kalifye pou FAP; epi
- d. Si yo pa raple oswa retounen dèt la, moun ki achte li a dwe garanti moun nan p ap peye plis pase sa li responsab pou peye tankou yon moun ki kalifye pou FAP.

F. Plan Peman Endividyèl

1. N ap devlope plan pou pasyan ki peye yo menm epi ki gen yon AGB pou peye ak chak grenn pasyan. N ap fè tout aktivite koleksyon yon fason pou konfòme ak lwa federal ak eta konsènan pratik koleksyon dèt. P ap genyen okenn enterè sou balans kont yo pandan moun nan ap peye amwenske moun nan chwazi patisipe nan yon antan peman pou lontan ki genyen enterè yon ajan finansman endepandan.
2. Si yon moun konfòme ak kondisyon ki nan plan peman ki devlope pou li a, pa k gen okenn aksyon koleksyon.

G. Anrejistreman Dosye

1. Nou gen yon dosye, swa papye oswa elektwonik, ki montre otorizasyon pou asistans finansyè ansanm ak kopi tout fòm aplikasyon oswa fèy kalkil.

Asistans Finansyè

CW F 50.1

2. N ap kenbe enfòmasyon rezime sou aplikasyon nou travay sou yo ak asistans finansyè nou te bay pandan yon peryòd sèt ane. Enfòmasyon rezime gen ladan kantite pasyan ki te aplike pou asistans finansyè nan AHS, kantite pasyan ki te resevwa AHS, kantite asistans finansyè nou te bay chak pasyan, ak total nou te mande chak pasyan peye.
 3. N ap bay pri pou asistans finansyè chak ane nan Rapò Avantaj Kominotè a. N ap bay rapò sou Asistans Finansyè (Swen Charite) kòm pri swen nou te bay (pa sa nou te mande peye) ak pri operasyon ki pi resan ak pri pou ki asosye ak rasyon pri sa yo.
- H. Respè Pou Lalwa: Asistans finansyè nou bay kapab gen lwa federal, eta, oswa lokal pou respekte kounye a oswa pi devan. Lwa sa yo gouvènè nan mezi yo pou sève pase egzijans yo ki nan prensip sa a.

APLIKASYON POU ASISTANS FINANSYÈ

(Ou dwe ranpli tout pati amwenske li make pou w pa fè sa)

Siyati, Prenon Pasyon	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	*Kantite Moun Nan Kay la	Revni Chak Ane Kay la 12 Dènye Mwa yo \$
Si se Yon Minè, Siyati, Prenon Garan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	Sous Revni Garan an	
Veyikil Nan Kay la tankou Machin/Bato/RV (Ane/Mak/Modèl)	Balans Kont Kouran/Depay	Pwopriyete ou Genyen ak Valè yo	Balans Kont CD/Retrèt/ Investisman	Lòt byen
(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)
Adrès Pasyon an		Nimewo Telefòn		Si revni ou se \$0, Tanpri tcheke tout sa ki apwopriye pou ou: <input type="checkbox"/> Ap viv ak Fanmi <input type="checkbox"/> Ap viv ak Zanmi <input type="checkbox"/> Nan Retrèt <input type="checkbox"/> Nan Chomaj <input type="checkbox"/> Andikape <input type="checkbox"/> San kay
		Ap Viv Lakay li		
Kantite timoun ki poko gen 21 ane ki kay la: <input type="checkbox"/>		Lòt Nimewo Telefòn		

Tanpri li sa avan ou siyen. Mwen **SÈTIFYE** tout enfòmasyon mwen sot bay yo la a se verite epi yo egzat selon tout sa mwen konnen. M ap aplike swa poukont mwen oswa ak asistans anplwaye nan lopital la pou NENPÒT ak TOUT ASISTANS ki kapab disponib nan sous gouvènman federal, eta, lokal ak prive pou peye pou fakti lopital sa a. Mwen konprann si mwen pa kopere ak lopital mwen lè li mande mwen enfòmasyon, yo kapab refize aplikasyon mwen pou asistans finansyèl posib. Nan dokiman sa a, mwen bay pèmisyasyon epi mwen otorize ajan ki gen otorizasyon nan pwogram Medicaid la pou pataje ak lopital mwen an TOUT enfòmasyon sou sityasyon aplikasyon Medicaid mwen epi si yo ap te apwouve aplikasyon an ak rezon yo pa te apwouve li a. Mwen ap TRANSFERE bay lopital ki ba mwen swen an TOUT LAJAN mwen resevwa nan sous yo ki anwo a, yo ta ban mwen pou ede ak FAKTI LOPITAL mwen. Mwen menm, sou non mwen, ak pou fanmi mwen, reprezantan, doktè, konseye (ak pastè/prèt ladan) ak avoka ki otorize, dakò pou kenbe an sekre nempòt kominikasyon alekri ak/oswa diskisyon ant mwen ak lopital ki ba mwen swen sou sa ki gen pou wè ak sèvis lopital la ban mwen. Mwen konprann lopital ki ba mwen swen an ap verifye enfòmasyon mwen bay yo, tankou ak ajans rapò sou kredi, epi AJANS FEDERAL ak/oswa ETA lòt ajans kapab verifye enfòmasyon sa yo tou lè li nesèsè. Mwen OTORIZE travay mwen pou bay lopital ki ba mwen swen an prèv revni mwen. Mwen REKONÈT si yo te dekouvri nempòt enfòmasyon mwen bay yo se manti, lopital ki ba mwen swen an ap re-evalye sityasyon finansyèl mwen epi fè sa ki vin apwopriye. **Pou kalifye pou asistans, w ap bezwen bay omwen yon dokiman sipò ki verifye revni kay la. Kèk dokiman sipò kapab dènye deklarasyon enpo, yon W-2 resan, yon lèt sipò notarye, ak plis bagay toujou. Y ap refize demann ou pou asistans si ou pa bay dokiman sipò. Si gen nempòt rès lajan ou pa peye yo kapab pran plis aksyon koleksyon pou touche lajan an.**

Pou asistans ak aplikasyon sa a, tanpri rele nimewo telefòn sèvis kliyantèl lopital la ki nan seksyon asistans finansyèl sou sitwèb nou an oswa sou premye paj dokiman sa a lè li enprime.

Siyati Aplikan / Garan

Dat li Ranpli

*Lè w ap kalkile kantite moun ki nan kay la, se sèlman moun sa yo ki konte: 1) Fanmi san ou ki rete nan kay la, 2) Fanmi pa maryaj ki rete nan kay la, ak 3) Fanmi pa adopsyon legal ki rete nan kay la.